

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nya éta cara pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Salian ti éta métode ogé jadi salasihiji cara dina ngumpulkeun jeung nganalisis data. Nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 3), métode panalungtikan nya éta salasihiji cara ilmiah nu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data nu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu. Sacara gurat badag métode nu bisa dipaké dina panalungtikan nya éta métode historis, métode deskriptif, jeung métode eksperimental.

Dina ieu panalungtikan, métode nu digunakeun ku panalungtik nya éta métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta data nu dikumpulkeun tina kekecapan, gambar, jeung lain ngan saukur angka-angka. Sakabéh nu geus dikumpulkeun jadi konci kana naon nu geus ditalungtik. Laporan panalungtikan eusina mangrupa kutipan-kutipan data pikeun méré gambaran nu diébréhkeun dina wangun laporan. Éta data asalna tina naskah wawancara, catétatan laporan, foto, *videotape*, dokumén pribadi, mémo, jeung dokumén resmi séjénna (Moleong, 2011, kc. 11). Nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 12-13), nétélakeun yén métode kualitatif digunakeun pikeun nalungtik kana kondisi obyék nu alamiah, dimana panalungtik minangka koncina instrumén, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun ku cara triangulasi (gabungan), sarta analisis data miboga sipat kualitatif.

Dina métode panalungtikan déskriptif, diébréhkeun tina sagala hal nu aya pakuat-pakaitna jeung panalungtikan ti mimiti masalah nu jadi kasang tukang panalungtikan, dasar tiori nu ngawewegan masalah, nepi ka ngébréhkeun hasil panalungtikan nu dijadikeun pikeun ngahontal tujuan utama panalungtikan. Anapon, gambaran panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, sumber data jeung lokasi panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung analisis data.


3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik. Désain panalungtikan ngawengku prosés ieu di handap.

- 1) Ngaidéntifikasi jeung nangtukeun pasualan panalungtikan,
- 2) Ngumpulkeun data ku cara observasi ka lapangan (survéy), wawancara jeung narasumber, sarta data nu aya dilapangan téh didokuméntasikeun,
- 3) Nangtukeun tatapakan tiori nu dijadikeun titik pamiangan ngalaksanakeun panalungtikan,
- 4) Nangtukeun téhnik ngumpulkeun data,
- 5) Nganalisis data anu geus dikumpulkeun, jeung
- 6) Ngalaporkeun hasil panalungtikan.

Saupama digambarkeun sacara gurat badag, désain dina ieu panalungtikan miboga udagan pikeun ngadéskripsikeun asal-usul jeung sajarah kamekaran kasenian *Dur Ong*, prak-prakan pintonana kasenian *Dur Ong*, ajén-inajén naon waé nu nyampak dina kasenian *Dur Ong* sarta luyu henteu pikeun baha pangajaran di sakola. Anapon, désain panalungtikan nu dilaksanakeun aya sababaraha tahapan, saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Désain Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Lokasi Panalungtikan

3.2.1 Sumber Data

Sumber data nya éta salasihiji hal nu penting dina prosés ngumpulkeun data. Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moleong, 2011, kc. 157), sumber utama dina kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan atawa paripolah, saterusna nu kaasup kana data tambahan nya éta dokumén jeung sajabana. Dumasar kana éta hal, data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap.

- 1) Kekecapan jeung paripolah nu diwawancara nu diténan téh mangrupa sumber data utama. Sumber data utama ditulis, direkam, atawa difoto. Data

hasil panalungtikan mangrupa hasil kagiatan ningali, ngaregepkeun, jeung wawancara. Panalungtikan dilakukeun kalawan sadar jeung terarah (puguh topik nu rék dibahasna). Lantaran teu sakabéh informasi nu aya bakal ditalungtik, kudu luyu jeung rumusan masalah (Moléong, 2011, kc.158).

- 2) Sumber tinulis nu kaasup kana katégori ilmiah saperti buku, disertasi atawa tésis, buku terbitan pamaréntah, jurnal ilmiah, sumber informasi di Lembaga Arsip Nasional jeung sajabana.
- 3) Foto biasana dipaké minangka alat nu biasana dipaké dina panalungtikan sangkan hasilna bisa dianalisis. Dina téhnologi nu beuki dieu beuki maju sumber data panalungtikan teu ngan saukur foto wungkul, tapi bisa ogé dina wangun rékaman sora atawa rékaman vidéo. Nurutkeun Moléong (2011, kc. 160), katégori foto dibagi dua nya éta foto nu dihasilkeun ku batur jeung foto nu dihasilkeun ku panalungtik sorangan.
- 4) Data statistik nya éta sumber data tambahan panalungtikan sangkan data nu dipakéna leuwih akurat. Data statistik bisa méré informasi ngeunaan komposisi masarakat tina wanda umur, *gender*, agama, pakasaban, kahirupan sosial jeung ékonomi jeung sajabana (Moléong, 2011, kc.163).

Dumasar tiori di luhur, sumber data nu aya dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara minangka respréséntasi tina pikir jeung paripolah tokoh kasenian *Dur Ong*, kokolot (tokoh masarakat) kasenian *Dur Ong*, seniman kasenian *Dur Ong*, masarakat panyangga (nu ngadukung kasenian *Dur Ong*), aparat pamaréntahan désa katut buku sumber nu aya pakuat-pakait jeung ieu panalungtikan.

3.2.2 Gambaran Umum Lokasi Panalungtikan

3.2.2.1 Lokasi Géografis


Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan téh nya éta di Kampung Cibiloh, Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat. Wates wilayah Désa Cikalong beulah kulon aya Désa Réndéh, beulah kalér aya Désa Ténjo Laut, beulah wétan aya Désa Ciptagumanti jeung beulah kidul watesna jeung Désa Mandala Mukti. Luas wilayah Désa Cikalong nya éta 683.625 Ha. Landeuh sacara umum, kira-kira 500 M di luhureun permukaan laut jeung

suhu rata-rata 23°C - 28°C. Désa Cikalong kabagi kana 4 Dusun, 20 RW jeung 90 RT.

3.2.2.2 Peta Désa Cikalong Kabupatén Bandung Barat

Gambar 3.1

Lokasi Panalungtikan



3.2.2.3 Kondisi Sosial Budaya

1. Agama

Dumasar informasi ti kantor Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat, agama anu diagem ku masarakat Désa Cikalong nya éta mayoritas agama Islam. Éta hal katitén tina ayana sababaraha wangunan tempat ibadah di ieu Désa, saperti masjid nu aya di Désa Cikalong nya éta 23 masjid jeung 3 pasantrén. Tapi, aya ogé masarakat nu ngagem agama Kristen nya éta aya 22 urang tina jumlah penduduk 10.642 urang.

Novianty Desita, 2015

AJÉN BUDAYA DINA KASENIAN DUR ONG DI DÉSA CIKALONG KACAMATAN CIKALONG WÉTAN KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

2. Sosial Budaya

Kaayaan sosial-budaya masarakat di Désa Cikalong rupa-rupa, ti mimiti nu nyekel kénéh kana budaya tradisional, nepi ka anu geus moderén. Loba kénéh masarakat di Désa Cikalong nu masih nyepeng kana tradisi luluhurna, contona dina kasenian *Dur Ong* nu aya pakuat-pakait jeung tradisi tatanén nya éta mitembeyan (tatanén munggaran, ti mimiti ngolah taneuh nepi ka melak binih) jeung nyalin (mimiti hasil panén). Sanajan ieu kasenian ayeuna miboga fungsi minangka hiburan dina hajatan sunatan atawa kawinan, tapi tradisina masih dicekel pageuh ku palaku kesenianana. Salian ti éta masarakat di Désa Cikalong miboga poténsi nu alus dina sosial budayana katitén tina 20 RW hampir tiap RW miboga kaparigelan. Di RW 06 aya kasidahan, RW 09 aya penca silat, RW 13 aya calung, RW 15 kasenian *Dur Ong*, jeung unggal RW miboga group jaipongan.

3. Kependudukan

Jumlah penduduk di Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat nya éta 10.642 urang. Sacara rinci bisa katitén tina data di handap.

Tabel 3.1
Jumlah Penduduk Désa Cikalong

No	Jenis Kelamin	Jumlah
1	Laki – laki	5.434
2	Perempuan	5.208
Jumlah		10.642

Sumber: Monografi Désa Cikalong Taun 2012

4. Pendidikan

Masarakat Désa Cikalong tina segi atikan, paling loba lulusan SD, sok sanajan aya ogé nu geus jadi sarjana. Ku ayana kawijakan pamaréntah ngeunaan wajib belajar salapan taun, jenjang pendidikan masarakat di Désa Cikalong ngalaman parobahan. Katitén dina segi wangunan pikeun masarakat Désa Cikalong néang élmu geus aya tilu Paud, genep SD, tilu SMP, jeung hiji SMK. Éta hal bisa katitén tina data di handap.

Tabel 3.2
Jenjang Pendidikan Masyarakat Désa Cikalong

No.	Jenjang Pendidikan	Jumlah
1.	Tamat SD	4.159
2.	Tamat SMP	1.183
3.	Tamat SMA	1.104
4.	D-1	12
5.	D-2	35
6.	D-3	23
7.	S-1	82
8.	S-2	2
9.	S-3	5
10.	SLB-A	2
11.	SLB-B	1
Jumlah		6.608

Sumber: Monografi Désa Cikalong Taun 2012

5. Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Cikalong rupa-rupa. Data lengkepna bisa katitén tina tabel di handap.

Tabel 3.3
Pakasaban Masarakat Désa Cikalong

No.	Jenis Mata Pencaharian	Jumlah
1.	Petani	161
2.	Buruh Tani	473
3.	Buruh Migra	456
4.	PNS	165
5.	Pengrajin Industri	7
6.	Pedagang Keliling	49
7.	Peternak	16
8.	Montir	9
9.	Dokter	1
10.	Bidan	2
11.	Perawat	5
12.	TNI	5
13.	Polri	5
14.	Arsitéktur	2
15.	Karyawan Swasta	202
16.	Karyawan BUMN	36
17.	Tukang Kayu	18
18.	Tukang Batu	9
19.	Pembantu Rumah Tangga	32
20.	Pedagang Klontong	88
21.	Wiraswasta	191
Jumlah		1.932

Sumber: Monografi Désa Cikalong Taun 2012

6. Basa anu digunakeun

Dumasar informasi ti kantor Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat, basa anu digunakeun ku masarakatna waktu nyarita (paguneman) dina kahirupan sapopoéna téh nya éta ku basa Sunda, tapi sakapeung mah ngagunakeun basa Indonesia.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun sarta ngolah data, sangkan leuwih gampang dina ngokolakeun hasil panalungtikan. Anapon instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

1) Kaméra Digital

Kaméra digital mangrupa alat nu dipaké pikeun ngadoméntasikeun kagiatan observasi jeung wawancara nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan jeung hal-hal nu aya patalina jeung prak-prakan kasenian *Dur Ong*.

2) *Handphone*

Handphone mangrupa alat nu dipaké pikeun ngarékam lumangsungna kagiatan wawancara dina prosés ngumpulkeun data ngeunaan kasenian *Dur Ong*.

3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara dijieun sangkan dina prakna wawancara bisa lumangsung kalayan lancar, ku kituna perlu ayana pedoman pikeun nungtun panalungtik dina ngalakukeun wawancara jeung narasumber. Sajumlahning patalékan anu digunakeun pikeun wawancara, saperti ieu di handap.

Tabél 3.4
Pedoman Wawancara

Data Informan	
1.	Wasta :
2.	Yuswa :
3.	Jenis Kelamin :
4.	Atikan :
5.	Pakasaban :
6.	Status Kawin :
7.	Kalungguhan :
8.	Alamat :
No.	Patalékan
1.	Naon jeung kumaha anu disebut kasenian <i>Dur Ong</i> ?
2.	Ti iraha mimiti dipikawanohna kasenian <i>Dur Ong</i> ?
3.	Kumaha kamekaran kasenian <i>Dur Ong</i> di Désa Cikalong?
4.	Saha anu mimiti naratas ieu kasenian <i>Dur Ong</i> ?
5.	Waktu mimiti dipagelarkeun kamonésan naon waé anu dipagelarkeun?
6.	Kasenian <i>Dur Ong</i> dipintonkeun pikeun kapentingan naon?
7.	Naon fungsina pikeun seniman jeung masarakat?
8.	Pakakas naon waé anu digunakeun dina kasenian <i>Dur Ong</i> ?
9.	Saha waé para pamaén anu ilubiung saméméh aya di Cikalong?
10.	Sabaraha urang palaku kasenian <i>Dur Ong</i> ?
11.	Iraha waktu pintonanana?
12.	Dimana tempat dipintonkeun kasenian <i>Dur Ong</i> ?
13.	Ti iraha kasenian <i>Dur Ong</i> maké ibingan, mintonkeun kuda lumping, debus, kamonésan séséroan jeung cécémén?
14.	Kumaha prak-prakan pintonanana?
15.	Lalaguan naon waé nu dipaké pikeun mirig kasenian <i>Dur Ong</i> ?
16.	Naon sababna lagu éta dipaké?
17.	Naha maké kuda lumping? Naon ma'na jeung fungsina?
18.	Gerak naon waé anu dipintonkeun dina kuda lumping? Naon fungsi jeung ma'nana dina éta gerakan katut posisina?
19.	Naon sababna maké ibingan?
20.	Gerak atawa jurus naon waé nu dipaké dina ibingan? Naon ma'na jeung fungsina?
21.	Dina prak-prakanna pintonan aya sababaraha posisi anu dijadikeun gurat ditengah kalang?
22.	Naon maksudna nguriling ka kénca jeung nguriling ka katuhu?
23.	Naon maksudna réa posisi anu segi opat sarta aya ditengah-tengah saurang?
24.	Naon maksudna dina kuda lumping papasangan?
25.	Naon ma'nana réa ngagunakeun posisi ngajajar?
26.	Kunaon réa gerak mincid atawa mincig?
27.	Naon fungsi jeung ma'na waditra dina kasenian <i>Dur Ong</i> ?
28.	Kumaha dangdanan nu ilahar dipaké waktu mintonkeun kasenian <i>Dur Ong</i> ?
29.	Warna naon waé nu dipaké dina dangdanan kasenian <i>Dur Ong</i> ? Naon sababna?
30.	Naon waé sarat-sarat mintonkeun kasenian <i>Dur Ong</i> ?
31.	Ritual naon nu sok dilaksanakeun?
32.	Raracik naon anu kudu disadiakeun saméméh pintonan?
33.	Naon waé pantranganana waktu magelarkeun kasenian <i>Dur Ong</i> ? Naon

Novianty Desita, 2015

**AJÉN BUDAYA KASENIAN DUR ONG DI DÉSA CIKALONG KACAMATAN CIKALONG WÉTAN
KABUPATÉN BANDUNG BARAT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

	sababna?
34.	Naon maksudna aya séséroan, mamacanan, momonyétan, babagongan jeung cacareuhan? Kunaon pangna para pamaénna kasurupan?
35.	Ti iraha mimiti aya cécéménan? Naon fungsi jeung ma'nana?
36.	Ti iraha mimiti aya kamonésan debus dina ieu kasenian <i>Dur Ong</i> ?
37.	Sebutkeun jeung jéntrékeun ma'na tina rupa-rupa kamonésan debus?
38.	Kunaon pangna dina seni debus kudu aya paré jeung dieuyeuban ku kesenian tutunggulan? Aya pakuat-pakaitna jeung tradisi tatanén?
39.	Unggal gerak, sora, jeung posisi aya teu ajén-inajén nu bisa dijadikeun atikan pikeun generasi kiwari?
40.	Kumaha tarékah mageuhan jeung mekarkeun kasenian <i>Dur Ong</i> sangkan kasenian ieu leuwih dipikawanoh ku masarakat?
41.	Naon nu jadi harepan dina mekarkeun kasenian <i>Dur Ong</i> ?

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah awal dina panalungtikan, sabab udaganana nya éta pikeun meunangkeun data (Sugiyono, 2011, kc. 308). Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan di antarana saperti ieu di handap.

1) Obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data sacara langsung kana naon-naon anu katempo jeung karasa di lapangan ngeun kaseniaan *Dur Ong*. Dina ngalakukeun observasi tangtuna kudu aya objek anu ditalungtikna. Nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 314) objek observasi dibagi jadi tilu nya éta: 1) *place*, tempat lumangsungna kajadian; 2) *actor*, palaku miboga peran anu tangtu; jeung 3) *activity*, kagiatan anu dilakukeun ku panalungtik dina kaayaan sosial nu keur lumangsung.

Nurutkeun Creswell (2010, kc. 267) observasi kualitatif nya éta panalungtik ilubiung sacara langsung di lapangan pikeun niténan paripolah jeung aktivitas individu di lokasi panalungtikan. Panalungtik ngarekam atawa nyatet sacara ngaruntuy atawa henteu, ku cara ngajukeun sajumlahing patalékan nu dipikanyaho ku panalungtik.

2) Wawancara

Téhnik wawancara nya éta cara pikeun meunangkeun data sacara lengkep. Wawancara bisa dilakukeun sacara ngaruntuy bisa ogé henteu jeung dilakukeun ngaliwatan *face to face* atawa pahareup-hareup langsung, bisa ogé ngaliwatan telepon/hp (Sugiyono, 2011, kc. 188). Dina ieu panalungtikan wawancara anu


digunakeunana nya éta sacara *sémi terstruktur*

3) Dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data tina hasil panalungtikan. Salian ti éta, hasil ieu dokuméntasi bisa dijadikeun bukti panalungtikan ngeunaan ajén budaya dina Kasenian *Dur Ong* di Désa Cikalong, Kacamatan Cikalong Wétan, Kabupatén Bandung Barat. Pakakas nu dipaké pikeun ngadokuméntasikeun dina ieu panalungtikan nya éta alat rékam nu mangrupa kaméra digital, *handphone*, jeung alat tulis.

Gambar 3.2

Trianggulasi Téhnik Ngumpulkeun Data (Sugiyono, 2013, kc. 273)



3.4 Analisis Data

Data-data anu geus dikumpulkeun waktu panalungtikan di lapangan téh diidentifikasi, tuluy dianalisis ku cara ngagunakeun tiori-tiori anu geus ditetepkeun dina kalungguhan tiori. Ieu hal pikeun ngungkab jeung ngajawab pasualan-pasualan nu aya dina rumusan masalah. Anapon léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa data nu geus kakumpul,
- 2) Nyieun papasingan data hasil panalungtikan,
- 3) Ngadéskripsikeun data,
- 4) Ngaverifikasi data,
- 5) Nganalisis data, jeung
- 6) Nyieun kacindekkan data nu geus kapaluruh.